Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 31 (7535)
4 август
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Закон цIуне!

## БакIал ралезухъе щвана



29 июлалда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчи ГI. ГIумаровасул нухмалъиялда гъоркь гIуцIараб комиссия щвана районалъул территориялда ралел ругел бакIазде ва предпринимательствоялъул хIалтIи гьабулезухъе. Гьевгун цадахъ рукIана районалъул администрациялъул профильниял подразделениязул нухмалъулелги.

Лъалеб букIахъе ралел бакIазул рахъалъ гьезухъ рукIине ккола ихтияр кьурал ва цогидалги документал. Комиссиялъ бакIал ралезул пикру буссинабуна ралел бакIазул нормативиял деклорациял-документация букIинабизе ккеялде, ай кадастровиябгун шагьарал раялъул ва налогазул законалда хурхунги хIажатал документал гьечIого ралел бакIал разе бегьунгутIи лъазабуна гьезда.

Лъел суал

## Гьадинаб буго ахIвал-хIал



20 июлалда районалъул администрациялде гIарзагун рачIана Шамильхъала поселокалъул гIадамал. Гьез гьарулеб букIана жакъа къоялде цIакъго бегIерлъун бугеб поселокалда лъим чIезабиялъул суал тIубазабеян. Гьелгун дандчIвалеб дандчIваялда рукIана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда вугев нач. Э. МухIамадов, поселокалъул бетIер М-ХI. Х1ажиев, управляющияб кампаниялъул директор Р. ХIусейнов.

Халатаб заманаялъ лъел насосалъул захIмалъаби рукIиналъ ва жанисел лъел сетал хун рукIиналъги Шамильхъала поселокалда лъим къатIизабиялъул хIужаби гIемерлъулел руго. Гьелдаса цIикIкIараб разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб букIана поселокалда гIумро гьабулез.

Иргадулаб нухалъ гьелъие ругел гIиллаби ричIчIизаруна поселокалъул бетIер М-ХI. ХIажиевас. «Районалъул нухмалъиялъул аслиял масъалабазул цояб буго гьабсагIаталда гьеб суал»,-ян бихьизабуна гьес. «Гьеб тIубазабиялде гъорлъе хасаб къагIидаялъ лъугьун руго. Нижеда киназдаго бичIчIула кигIан кIудияб роль чиясул гIумроялъулъ лъеца хIалтIизабулебали. Лъалеб букIахъе поселокалдаги, Рихьуни росулъги, ЦIияб Унсоколобги лъим чIезабиялъе буго гIицIго 2 насос. Гьединлъидал гьарула нужеда риидал гьекъолеб лъим ахал-хурзал лъалъаялъе хIалтIизабугеян ва киналго квартирабазда, рукъзабахъ чвахун унел лъинал лъугIизаре,-ян.

Кинабго бараб буго нилъедаго гьел захIмалъаби тIураялда хурхун. Гьединго кинабго гьабулеб буго цIияб цойги насос балагьиялъе. Цебе гIемераб хIалтIи буго мухъилъа араб насос хисиялъул ишалда хурхун, заман иналъ мухъилъа ун руго цогидал алаталги. Лъим къачIаялъул заман нухмалъиялда бараб гьечIо, бараб буго гьелъие кколел идарабаз гIарац биччаялда. Гьединлъидал нижеца ракI-ракIалъ гьарула нужеда гьекъолеб лъим гIицIго рукъалъулаб магIишаталъе гурони хIалтIизабуге»,-ян жаваб кьуна гьес дандчIвазе рачIаразул суалазухъги гIенеккун.

Шамильхъалаялъул гIемер квартирабазул рукъзабахъ гIумро гьабулез щцим бахъун цере рахъана цогидалги жидеего хIалхьи толарел суалал. Гьел рукIана квартирабазул подъездазда ремонт гьабиялда, бакI-бакIалде бан поселокалда мусор букIиналда хурхун. Гьел суалазе жаваб кьуна поселокалъул управляющияб кампаниялъул директор Расул ХIусейновас.

## Баркула – мустахIикъаб шапакъат!



**РДялъул БетIер С. Меликовасул Указалдалъун «За заслуги перед Республикой Дагестан» орден кьуна нилъер ракьцояв, ГьаракIуни росулъа Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат «Роснефть - Дагнефь» ОАОялъул директор Гиндиев Муслим ГIабдулхаликъовичасе.**

«ХIурматияв Муслим ГIабдулхаликъович! «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе ракI-ракIалъ Дуе щвараб шапакъат баркун гьабулеб барки! Жакъа унго-унголъунги ракI-ракIалъ вохун баркула Дуда гьеб шапакъат ва хадурккунги гьарула бергьенлъаби!

Гьарула Дуе, Муслим ГIабдулхаликъович, Дуца тIубазабулеб ишалъулъ ва ВатIан тIегьазабиялъулъ лъолеб бутIаялъулъ битIккей ва тIадегIанал хIасилал, цIиял ишал гIумроялде рахъинариялъе творчествалъу лаб рухI-жан!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**

## ГIашилтIа парковияб зона рагьана



ГIашилтIа росулъ гьабун рагIалде бахъана ва рагьана парковияб зона. Гьеб гьабуна 2022 соналда «Формирование комфортной городской среды» федералияб проекталда рекъон. Парк рагьулеб данделъиялда кIалъарав «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчи ГIумархIажи ГIумаровас росдал гIадамаздегун гIолеб гIелалдехун хитIаб гьабуна росулъ гьабураб лъикIабщинаб цIуне,-ян.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 31 (7535)
Хамиз
4 август 2022 сон

2 гьумер

Иргадулаб заседание ахIана гьал къоязда РДялъул БетIер С. Меликовас. Гьенир гьоркьор лъуна экономика цебетIезабиялъул, социалиял бакIал раялъул, республикаялъул бюджет битIун тIубазабиялъул, школазе капиталияб ремонт гьабиялъул ва инвестиционниял проектазул суалал. Бихьизабуна промышленность, туризм цебетIезабиялде кIвар кьезе бугин.



Лъел суал

# Поселокалда ва росабалъ лъим чIезабиялъе



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовги гIахьаллъун РДялъул Правительствалъул тIоцевесев заместитель М. Л. Мажонца гьабураб данделъиялъул хIасилазул гьоркьоб лъуна гьал къоязда районалъул администрациялда. Гьениб ГI. МухIамадовичас бихьизабухъе данделъиялда гIахьаллъарав Правительствалъул Председателасул тIоцевесев зам. М. Л. Мажоца бакIал раялъулгун архитектураялъул ва жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул Министерствалда тIад къана гьаб соналъул I0 августалде нилъер районалъул Шамильхъала поселокалда канализациялъул лъим бацIцIад гьарулел сооружениял хисиялъул суал. Гьединго гьес тIадкъана гьеб проект ва гьесул хитIаб кьезе Правительствалъул пред. ГI. ГIабдулмуслимовасухъе, резервалъул финансаздасан хварал насосалъулал оборудованиял хиси мурадалда. Гьеб хIалтIи гьабизе буго гьоркьоб къотIичIого Шамильхъала поселокалда, Рихьуни, ХинлъимитIа росабалзъ лъим чIезабиялъе.

Гьелъул хIакъалъулъ ГI. НурмухIамадовас лъазабуна Шамильхъалаялъул жамагIаталъул активалдаги.

*Дуего зарал гьабуге*

# Сунца чи чIвазе бегьулеб?

*__Лъеца__. Суткаялда жаниб анкьгоялдаса цIикIкIун литр лъел гьекъани. Гипергидротациялъ хвезаризе руго кинalго организмалъул функциял. Гьелъ рачине бегьула лъавудаса иналдецин.

*__Кофеиналъ.__ Гьеб буго гIицIго кофеялъулъ гуреб чаялъулъги, кока-колаялъулъги, энергетическиял гьекъолел жалазулъ, дагьаб къадаралда ругоници. БацIцIадаб къадаралда I0 гр. кофеиналъ, ай 5,5 литр кофеялъ чи чIвазе бегьула. Гьеб буго чиясе хвалилаб доза.

*__Шоколадалъ__. Цо гIодов чIаралъув чияс цо кг. шоколадалъул квани, гьесул черхалъулъе бачIуна 700 гр. гIагарун чакар. Гьеб къватIибе инабизе лъугьин абуни ккола гIемераб лъим къватIибе иналъ хвалилаблъун.

__ЦIамуца__. ГIадамасул черхалъе хвалилаб доза ккола 250 гр. цIамул. Гьеб къадар цIамул кванани щиб ккезе рес бугеб чиясе? Чорхолъ цIам цIикIкIиналъ бидулъ хехго тIаде бахине буго артериалияб давление, цIамуца гьорозе рес буго бакI-бакI (I гр натриялъул хлоридалъ чорхолъ I00 гр. лъамалъи цIунула). Сундасаго цебе гьорой рехула гIадалзул нахуде, гъуърузде ва чанго сагIаталдасан чи хвезе бегьула.

Абула цIам хъахIаб загьро бугин, гьеб гьечIогоги тIубаларо организм, тIубанго цIам кванай гьукъаниги I0 къойидасан чи хвезе бегьула.

__Гьекъел__. Гьекъоларев чиясул хвалилиб доза ккола I шиша. Гьелъулъ «лъадарарав» чиясе 2-3 шиша хIажалъула цо сагIаталда жаниб гьекъезе.

__Никотин__. Цо тIири никотиналъул ккола гIагашагаро 50 млг. Чуялъе хвалилаб доза буго 400-500 млг., ай гIага шагарго 8 тIири. ГIадан хола 60 млг. хIалтIизабуни. Гьеб ккола I00-I20 сигарета цоцада хадуб цIаялда бащалъулеб къадар.

__Бакъул чIорал__. ЦIакъго багIарараб къоялъ нахъе рахъинчIого бакъукь чIани, кинаб букIаниги цIуни гьечIого. 8 сагIаталъ бакъукь чIани чиясул кинал рукIаниги ресал гьечIо чIаго хутIизе.

# Дагьабго гьими

Жиндаго бихьизабураб гостиницаялде кватIун тIад вуссуна машгьурав шахматист, кубинец Капабланка.

-Щив гьанив вугев?-ян ахIула кьижун вукIарав гостиницаялъул протерас нуцIида кIутIидал. Гьев божиялъе шахматитасда ракIалде ккола жиндирго кинаlго цIаралги абун гьев мекъи кколев гьечIолъи бихьизабизе.

-Хосе Рауль Капабланка-и- Грапупера,-абун. Протьеяс абула:

-ЛъикI буго, жанире лъугьа, гIицIго ахириседа абе нуцIа лъикIго къайилан.

* * *

Цояс бицуна: гьоболлъухъ вукIана, лъикI къабул гьавуна. БачIинахъего къватIиве гьечIо. Вухана гIемерго циим бахъинчIого. У, хадурги лъугьана кIвахIалго.

* * *

ЦIулал устарас ца-кIалалъул врачасухъе ун гIус къачIала, гьев креслоялдаса тIаде вахъана, къачIараб гIусалда мацI цузабула.

-Цо кинабалиго каратI хутIун бугин ккола. Дантист гьесул кIалдиве валагьула ва абула:

- Гьа гьадингояб жо буго!

-Кин гьеб гьадингояб букIунеб?

-Лъалищ нужеца медиказе бараб цIияб рокъоб лъуна балконалъулал блокал.

-Лъунаха!

-Дир квартираялда гьабсагIаталдаги гIазу гьороца жанибе кьабула нужеца тарал картIазухъан

ТIабигIат

# ТIабигIаталде рокьи куцазин

Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун бижана нилъеда сверухъ бугеб тIабигIатги ва тIолабго инсаниятги. ГIакълу-лъай бачIаралдаса инсанасул тIабигIаталдехун батIи-батIияб бербалагьи лъугьана. Цояз ракьалдехун ургъел гьечIого лъикIаб гьечIеб бербалагьи гьабизе лъугьана, ккаралъубеги ккечIелъубеги нухал рахъун, рукъзал ран, ай пасалъи рещтIинабуна, гьабулебги буго. Рохьоре араз тIаса-масаго тун, цIаял свиничIого бакI-бакIазда дунялалдаго гIемерал бакIал, хIатта росабигицин рухIулел руго. Гьеб кколарищ гIадамасул ургъел гьечIолъи ва гIадамазда гьоркьоб хьвада-чIвадизе лъангутIи букIин?

РикIкIаде инчIого рачIа нилъехъго балагьилин. ГIадамал ресалде рачIанагIан цоцадехунги, сверухълъиялдехунги тIаса-масаго, ургъел гьечIого ралагьулел руго. Рачинин цо-кIиго мисалал:

I. Щибаб къойил гIадин гIолохъаби уна «ТIаса ГIашилтIе» хIухьбахъи гьабизе. Гьеб лъикIаб иш буго, амма хал гьабеха жалго тIад руссунаго гьеб бакIал кинан толел ругелали. БакI-бакIазде, нухазде рехарал банкабишушбиги, кагъат-цIулги, рохьоб данде бакIаричIого



тараб мусорги.

Киназдаго лъала рацIцIалъи лъикIаб жо букIин, амма гIемерисезда бичIчIулеб гьечIо нилъерго бакI чорокго толеб букIин. Гьеб ккола ургъел гьечIолъи, иманияб рахъалъул загIиплъи. Гьединан гурони гIумро гIолохъабаздаги бичIчIулеб гьечIони, гьезул лъималаздаги хадусеб гIелалдаги гьеб кинан бичIчIилеб?

2) Дунго зама-заманалдасан хьвадула рохьове, гьениве унаго нухда батулебщинаб чороклъи, чанго нухалъ бакIарана гьеб мусор. Дагьал церегIан къоязда районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централъул нухмалъулезул жигарчилъиялдалъун «ГIашилтIа рохьоб» рацIцIалъи гьабиялъул мурадалда тIобитIана субботник. Гьениб гIахьаллъи гьабуна ЦЗНалъул, Унсоколо № I ва №2, Генуб, гьединго Балахьуни школазул цIалдохъабаз, гIуцIарухъабаз, цо-цо лъималазул эбелинсуца, райадминистрациялъул хIалтIухъанасги, кинавниги I5 чияс.

Гьаб макъалалъул ахиралда дие бокьун бугоан кинаlго лъайгун тарбия кьолел организацияз гIолеб гIелалъул тIабигIаталдехун бичIчIи бугеб балагьи куцаялде кIвар кьезе. Рохьал рухIиги захIмалъичIони, тIабигIат хвезабиялъги асар гьабичIони, щаллъун рахъине ругел нилъер гIолеб гIел?

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
***Нижер мухбир***

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 31 (7535)
Хамиз
4 август 2022 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере




## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
## «Унцукульский район»

### П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

от «21» июля 2022 г. № 101

О запрете купания в несанкционированных и необорудованных местах на водных объектах, расположенных на территории МО «Унцукульский район»

В соответствии с частью 4 статьи 6 Водного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 24 декабря 1994 №68-ФЗ «О защите населения и территорий от чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера», Федеральным законом от 30 марта 1999 N

52-ФЗ «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения» и в целях предупреждения и сокращения количества несчастных случаев на водных объектах муниципального района Администрация МО «Унцукульский район» постановляет:

1 Запретить купание в несанкционированных и необорудованных местах на водных объектах, расположенных на территории МО «Унцукvльский район».

2 Заместителю главы администрации по безопасности МО «Унцукульский раион» (Гамзатову М А.):

-организовать информирование населения через средства массовой информации о правилах безопасности поведения на водных объектах в летний период;

-проводить активную разъяснительную работу среди населения о возможных последствиях купания в несанкционированных и необорудованных местах.

3. Руководителю МБУ «Единая информационная служба» (Хайбулаеву Х. М.) опубликовать настоящее постановление в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте МО «Унцукульский район» в сети «Интернет».

4.Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

**И. НУРМАГОМЕДОВ**
**Глава МО «Унцукульский район»**

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН
## АДМИНИСТРАЦИЯ
## МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
## «СЕЛО ГИМРЫ»

Индекс 368951, с. Гимры, Унцукульскийрайон, РД, тел. +7967-504-11-11, ул. Рамазана-Хаджи, 29, e-mail: mo-gimri@mail.ru

« 22»07 2022г.№

В целях соблюдения права человека на благоприятные условия жизнедеятельности, прав и законных интересов правообладателей земельных участков и объектов капитального строительства, руководствуясь ст. 39 градостроительного кодекса Российской Федерации, федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ» от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ, администрации муниципального образования « село Гимры» извещает о проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка, принадлежащего гр. Хакимовой АминатАдулаевне с кадастровым номером 05:35:0000 03:327 площадью 400м2, из категории земель - «личное подсобное хозяйство» на «объекты дорожного сервиса с кодом4.9.1.», расположенного в с. ГимрыУнцукульского района РД.

Публичное слушания назначены на 22.08.2022 г. в 11 часов 00 минут в здании администрации села.

**Глава администрации МО «село Гимры»**
**Магомедов Ш.М.**

Информация для родителей

# Как записать ребенка в детский сад или школу

Если вы родитель ребенка дошкольного или школьного возраста, то может возникнуть ситуация, что вам нужно устроить ребенка в образовательное учреждение, но вы не знаете куда обратиться и какие документы необходимо собрать. В данной статье мы постараемся подробно объяснить, как быть в такой ситуации.

Прием заявлений и комплектование воспитанников детских садов проводится только в Отделе образования Унцукульского района. Заведующие дошкольных образовательных учреждений приемом заявлений и комплектованием воспитанников ДОУ не занимаются. Ответственный специалист за работу в автоматизированной системе «Электронный детский сад» - специалист Отдела образования Магомедгаджиева Патимат Магомедхановна.

Отдел образования находится по адресу: Унцукульский район, пгт. Шамилькала, ул. М. Дахадаева, офис 3 (здание районной администрации, 3 этаж).

Для того, чтобы поставить ребенка в очередь для зачисления в детский сад при себе необходимо иметь следующие документы:

- письменное заявление родителей;
- копия свидетельства о рождении ребенка - 1 экземпляр;
- копия СНИЛСа ребенка - 1 экземпляр;
- справка о регистрации ребенка по месту жительства - 1 экземпляр;
- копии паспортов родителей - по 1 экземпляру;
- копии СНИЛСа родителей - по 1 экземпляру;
- справка о составе семьи - 1 экземпляр;
- документ, подтверждающий льготу (если есть).

Приемный день для подачи документов для постановки ребенка в очередь в детский сад - СРЕДА.

Документы принимаются только в этот день.

На каждого ребенка должен быть свой пакет документов, следовательно если вы подаете заявление для зачисления двоих детей, то и пакетов документов должно быть два.

Также зачисление ребенка в 1 класс может вызвать множество вопросов. Для того, чтобы отдать ребенка в школу на момент поступления в школу ребенку должно быть не менее 6,6 лет и не более 8 лет.

Приём заявлений осуществляется администрациями школ.

Базовый набор документов, который потребуется всем будущим первоклассникам:

- письменное заявление родителей;
- копия свидетельства о рождении ребенка;
- СНИЛС ребенка;
- копии паспортов родителей.

В зависимости от ситуации в школе дополнительно могут запросить и другие документы.

Приемная кампания в 1-й класс в 2022 году стартовала уже с 1 апреля 2022 года.

Родители вправе обратиться с заявлением в школу, чтобы их ребенка зачислили в 1-й класс раньше 6,6 лет или позже 8 лет. Но предварительно им необходимо получить разрешение от учредителя школы. Обращаться с подобной просьбой необходимо в Отдел образования Унцукульского района. Ответственный специалист, который занимается приемом заявлений и документов в 1-й класс раньше 6,6 лет или позже 8 лет, Магомедова Аминат Муртазаалиевна.

Заявление необходимо подать с 6 июля по 5 сентября 2022 года. К заявлению о зачислении ребенка в 1-й класс раньше 6,6 лет или позже 8 лет необходимо приложить следующие документы:

- копии паспортов родителей;
- копия свидетельства о рождении ребенка;
- заключение психолого-медико-педагогической комиссии общеобразовательной организации о готовности ребенка к школьному обучению;
- копию медицинского заключения, подтверждающего отсутствие противопоказаний к обучению по состоянию здоровья ребенка;
- копию свидетельства о регистрации ребенка по месту жительства или по месту пребывания на закрепленной территории или документ, содержащий сведения о регистрации ребенка по месту жительства или по месту пребывания на закрепленной территории.

Если руководитель образовательного учреждения предлагает вам устроиться без очереди за вознаграждение, просит купить за это что-нибудь для учреждения СКОРЕЕ ВСЕГО, ОН ПРОСИТ У ВАС ВЗЯТКУ.

НЕ ПРЕДЛАГАЙТЕ И НЕ ДАВАЙТЕ ВЗЯТКУ! КУДА ЗВОНИТЬ?

- «Горячая линия» по фактам коррупционной направленности для приема сообщений граждан Министерства образования и науки Республики Дагестан: 8 (8722) 51-79-0302;
- Общероссийский телефон полиции – 102;
- Телефон доверия и email МО «Унцукульский район» - 8(8722) 55-64-86, mo_uncuk_raion@mail.ru.

# Детская шалость с огнем – частая причина пожаров

Детская шалость с огнем часто становится причиной пожаров. Какпоказывает практика, часто такие пожары происходят из-за отсутствиянавыков у детей осторожного обращения с огнем, недостаточным контролемза их поведением со стороны взрослых, а в ряде случаев неумениемродителей организовать досуг своих чад.

В возрасте от трех до семи лет дети в своих играх часто повторяют поступкии действия взрослых, имитируя их труд. Стремление к самостоятельностиособенно проявляется в то время, когда дети остаются одни. Нельзя бытьуверенным, что ребенок, оставшись один дома, не решит поиграть скоробочкой спичек или зажигалкой, не захочет поджечь бумагу, не устроиткостер, который он видел в лесу.



Уважаемые родители, проблема так называемой детской шалости с огнем стоит очень остро. И очень важно помнить, что главная задача – предупредить возможную трагедию, быть рядом и даже на шаг впереди.

Наши с Вами усилия должны быть направлены на каждодневную профилактическую работу с детьми, чтобы, если не исключить, то хотя бы свести к минимуму число пожаров и других происшествий с участием детей, избежать травматизма и несчастных случаев. Ведь, прежде всего взрослые в ответе за действия и поступки детей.

Не показывайте детям дурной пример: не курите при них, не зажигайте бумагу для освещения темных помещений.

Храните спички в местах недоступных для детей. Ни в коем случае нельзя держать в доме неисправные или самодельные электрические приборы. Пользоваться можно только исправными приборами, имеющими сертификат соответствия требованиям безопасности, с встроенным устройством автоматического отключения прибора от источника электрического питания.

Помните - маленькая неосторожность может привести к большой беде.

Если Вы увидели, что дети самостоятельно разводят костер, играют со спичками и зажигалками, горючими жидкостями, не проходите мимо, не оставайтесь безразличными, остановите их!

**С Уважением, Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 4 по г. Буйнакск, Буйнакскому и Унцукульскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.**

# Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району информирует граждан о внесении изменений в статью 3 Федерального закона

Главой VIII.1 Федерального закона Российской Федерации от 31 мая 2002 г. № 62-ФЗ «О гражданстве Российской Федерации» предусмотрено урегулирование правого статуса отдельной категории лиц, находящихся на территории Российской Федерации, а также определены условия и порядок приёма таких лиц в гражданство Российской Федерации.

Федеральным законом Российской Федерации от 26 июля 2019 г. № 236-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О гражданстве Российской Федерации» и статью 3 Федерального закона «О внесении изменений в Федеральный закон «О гражданстве Российской Федерации»», срок действия положений Федерального закона № 62-ФЗ, направленных на урегулирование правового статуса отдельных категорий лиц, находящихся на территории Российской Федерации, продлён до 1 января 2025 года.

С 1 января 2025 года Глава VIII.1 Федерального закона № 62-ФЗ признаётся утратившей силу.

В случае, если лица, подпадающие под действие Главы VIII.1 Закона, не воспользуются предусмотренным им правом обратиться с заявлением о признании гражданином Российской Федерации или о приеме в гражданство Российской Федерации, то они обязаны будут после указанной выше даты выехать из России не позднее 1 апреля 2025 года. В противном случае их ждёт депортация.

Так, в соответствии Федеральным законом № 62-ФЗ с правом приобретения гражданства Российской Федерации в порядке признания наделены граждане бывшего СССР, получившие до 1 января 2010 года паспорт гражданина Российской Федерации, но у которых впоследствии не было определено наличие гражданства Российской Федерации и отсутствует иное гражданство.

К числу документов, подтверждающих наличие у вышеуказанной категории лиц гражданства СССР в прошлом, относятся:

•свидетельство о рождении, выданное органом записи актов гражданского состояния на территории СССР либо дипломатическим представительством или консульским учреждением СССР на территории иностранного государства;

•соответствующие официальные данные полномочного органа, либо справка полномочного органа иного государства, входившего в состав СССР, об обмене паспорта гражданина СССР на документ лица без гражданства (в случае если свидетельство о рождении выдано органом иностранного государства);

•паспорт гражданина СССР (при наличии).

Указанный Закон также направлен на урегулирование правового статуса путем приема в гражданство Российской Федерации следующих категорий лиц, находящихся на территории Российской Федерации:

•граждан бывшего СССР, получивших паспорт гражданина Российской Федерации до 1 января 2010 года, у которых впоследствии полномочным органом, ведающим делами о гражданстве, не было определено наличие гражданства Российской Федерации, имеющих гражданство иностранного государства, при условии отсутствия у них действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве;

•граждан бывшего СССР, прибывших в Российскую Федерацию для проживания до 1 ноября 2002 года, не приобретших гражданства Российской Федерации в установленном порядке, и их совершеннолетних и несовершеннолетних детей, если указанные лица не имеют гражданства иностранного государства и действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве.

Вышеуказанная категория лиц принимается в гражданство Российской Федерации при отсутствии оснований отклонения заявлений, предусмотренных Федеральным законом, без предоставления:

*разрешения на временное проживание и вида на жительство;

*документа, подтверждающего наличие законного источника средствк существованию;

*документа, подтверждающего владение русским языком.

Заявления о признании гражданином Российской Федерации и о приеме в гражданство Российской Федерации подаются заявителем лично в письменном виде на бланке установленной формы в подразделение по вопросам миграции территориального органа внутренних дел по месту жительства, месту пребывания либо по месту фактического нахождения.

Рассмотрение заявления о признании гражданином Российской Федерации и принятие решения по такому заявлению в соответствии с Федеральным законом осуществляются территориальным органом в срок, не превышающий двух месяцев со дня подачи заявления и всех надлежащим образом оформленных документов.

Рассмотрение заявления о приеме в гражданство Российской Федерации и принятие решения по такому заявлению осуществляются в срок, не превышающий трех месяцев со дня подачи такого заявления и всех надлежащим образом оформленных документов.

В случае необходимости установления личности заявителя срок рассмотрения заявлений о признании гражданином Российской Федерации и о приеме в гражданство Российской Федерации, продлевается на срок, но не более чем на три месяца. Возможно продление на тот же срок и в случае уточнения фактов, свидетельствующих о наличии соответствующих оснований для отклонения заявлений о приёме в гражданство Российской Федерации.

**Начальник МП ОМВД России по Унцукульскому району Гамзатов Ш.М.**

# Смотровые площадки для туристов временно закрыты

В связи с трагическими событиями, произошедшими на днях в Хунзахском районе, глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов лично проинспектировал все объекты, которые посещают туристы: смотровые площадки, берег Ирганайского водохранилища и другие места массового скопления туристов.

Было принято решение закрыть смотровые площадки там, где предоставляют опасность до устранения наших замечаний.

Закрыты Харачинская смотровая и все остальные площадки, которые несут риск жизни людей.

Уважаемые туристы, местные жители!

Убедительно просим Вас быть осторожными и не рисковать собой. Не подходите слишком близко к краям обрывов и скал. Никакие селфи и острые ощущения от путешествий не стоят вашей жизни! К тому же нужно иметь ввиду, что есть граждане, путешествующие в горах впервые, не зная дорог. Не посещайте опасные участки в горах без сопровождающих, которые разбираются в дорогах.

Берегите себя!

**Просим с пониманием отнестись к решению главы района.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 4. 8. 2022 г.
16. 10
фактически -12. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.